# PEDAGOGIKALIQ BILIMLENDIRIW TIYKARLARI HÁM ONIŃ STRUKTURALIQ BÓLIMLERI

**Matjanov Aman Jarilkapovich**
Qaraqalpaq mámleket universitetinde Tariyx pánleri boyınsha PhD, Dotsent.
**Mınajatdinova Sholpan Abdibay qızı**
Qaraqalpaq mámleket universitet student.
**Orazbayev Puxarbay Bayramg'aliy ulı**
Qaraqalpaq mámleket universitet student.
**Pirniyazova Amina Omirbekovna**
Qaraqalpaq mámleket universitet student.
***https://doi.org/10.5281/zenodo.18011490***

***Annotatsiya.*** *Bul izertlewde bilimlendiriw sistemasın modernizaciyalaw processleriniń huqıqıy-normativlik tiykarları tallanadı. Sonıń menen birge, zamanagóy bilimlendiriw baǵdarlamalarına tiykarlanǵan halda pedagogika hám pedagogikalıq metodlar kontekstinde oqıtıw metodların shólkemlestiriw, oqıtıwshılardıń pedagogikalıq sheberligin arttırıw, psixologiyalıq potencialǵa iye bolǵan oqıtıwshılardı bilimlendiriw metodları menen islewge úyretiw, bilimlendiriw sistemasın modernizaciyalaw arqalı bilimlendiriw modelleri hám zamanagóy oqıtıw texnikası metodların shólkemlestiriw boyınsha maǵlıwmatlar keltirilip ótiledi.*

***Gilt sózler:*** *Pedagogika, oqitiw metodi, pedagogikalıq sheberlik, bilimlendiriw, psixologiyalıq potencial, huqiqiy bilimlendiriw, bilimlendiriw modelleri, pedagogikalıq metodlar, zamanagóy oqitiw texnikası.*

## Kirisiw

Ózbekstan Respublikasında bilimlendiriw sistemasında ámelge asırılıp atırǵan modernizaciya processlerin huqiqiy-normativlik jaqtan sáwlelendiriw hám pedagogika, psixologiya, bilimlendiriw texnologiyaları parametrlerin integraciyalaw arqalı jana jantasıwlardı anıqlaw bul bilimlendiriwdiń innovaciyalıq imkaniyatı esaplanadı. Zamanagóy bilimlendiriw baǵdarlamalarınıń integraciyalasqan normalarınan kelip shıqqan halda bilimlendiriw sistemasında modernizaciya túsinigi bilimlendiriw procesinde tek mazmunlıq emes, al pedagogikalıq, psixologiyalıq, metodologiyalıq jaqtan da jańalanıwdı názerde tutadı.

Modernizaciyalanǵan bilimlendiriw sistemasınıń barlıq basqıshlarında zamanagóy talaplar tiykarında shólkemlestiriw boyınsha ámeliy jumıslar sheshiwshi basqıshqa kirgeni atap ótilgen.

Pedagogikanıń bilimlendiriw sistemasında zamanagóy metodlardı shólkemlestiriw bul tálim-tárbiya proceslerin teoriyalıq hám ámeliy jaqtan úyrenetuǵın pedagogikalıq process dep qaray alamız. Modernizaciyalaw procesinde pedagogika koncepciyaları jańalanıwı zárúr bolgan metodikalıq analizlerge tiykarlangan halda: didaktikalıq hám metodikalıq jantasıwlar zamanagóy sociallıq-texnologiyalıq ortalıqqa beyimlesiwi kerek. Pedagogikalıq metodlar, bilimlendiriw modelleri hám de zamanagóy oqitiw texnikası bul proceste áhmiyetli orin tutadi. Pedagogikalıq bilimlendiriw sistemasınıń modernizaciyalanǵan bilimlendiriw sisteması tiykarında oqıtıw metodın shólkemlestiriw - maǵlıwmattı oqıwshılarǵa jetkeriwge, bilim, kónlikpe, potencialdı qáliplestiriwge qaratılǵan usıllardıń jıyındısı bolıp tabıladı. Zamanagóy pedagogikalıq metodika oqıwshı oraylasqan, belsendi qatnasıwdı xoshametlewshi boliwi talap etiledi.

Sonday-aq, Bilimlendiriw sistemasında muǵallimlerdiń pedagogikalıq sheberligin arttırıwda jańa metodlardan paydalanıw baǵdarlaması - bul muǵallimniń kásiplik jumısında zamanagóy metodlar, texnologiyalardı qollanıw hám de oqıwshı psixologiyasın túsiniw, individual qatnastı támiyinlewge uqıplılıǵı menen belgilenedi. Psixologiyalıq potencial degende oqiwshi yaki mugallimniń psixologiyalıq jaqtan rawajlangan qábiletleri túsiniledi: motivaciya, diqqat, social-emocional kónlikpeler, refleksiya, metakogniciya hám basqa kompetenciyalar.

Bilimlendiriwdi modernizaciyalaw procesinde psixologiyalıq potencialǵa itibar beriw áhmiyetli: oqitiw procesinde oqıwshınıń psixologiyalıq ózgeshelikleri esapqa alınıwı, oniń ústinen individual jumis alıp barılıwı, aktiv úyreniw metodi qollanılıwı kútiledi.Pedagogikalıq sheberlikti arttırıw da psixologiyalıq potencialga baylanıslı: muǵallim óziniń pedagogikalıq iskerliginde oqıwshı psixologiyasın túsinip isley alıwı kerek - sonin ushin pedagogikalıq tayarlıq, tájiriybe asırıw máseleleri de modernizaciyanıń áhmiyetli komponentine aylanbaqta.Bilimlendiriw modellerine misallar sipatında dástúriy modeli esaplanıp, bilimlendiriwdi tiykarınan didaktikalıq oqitiw formasında shólkemlestiriw qagıydaları, aktiv model oqiwshi iskerligin orayga qoyiwdıń ayrıqsha Modernizaciyalaw procesinde, ásirese, oqıwshı oraylasqan, internet-texnologiyalar tiykarında shólkemlestiriletuǵın, individual hám topar menen interaktiv islewge tiykarlanǵan bilimlendiriw modellerin engiziw zárúrligi tuwıldı. Bul proceste huqıqıy normalarǵa tiykarlanǵan halda qarar qabıl etiwdi úyrenedi. Pedagogikalıq metodlar degende oqiw-tárbiya procesinde qollanılatuǵın usıllar, bagdarlar, texnikalar túsiniledi: lekciyalıq metod, sáwbet, talqılaw, máselelerdi sheshiw, joybar tiykarında oqitiw, kooperaciyalıq oqitiw hám t.b. Modernizaciya kózqarasınan, pedagogikalıq metodika jańalanıwı, zamanagóy texnikalar - málimleme-kommunikaciya texnologiyaları (MKT), aralıqtan bilim beriw, interaktiv media quralları - bilim beriw procesinde qollanılıwı zárúrligi kórilmekte. Mısal ushın, mektepke shekemgi bilimlendiriw basqıshında normativlik-huqıqıy baza, licenziyalaw, sapa standartları hám akkreditaciya processleri qáliplestirilip atırǵanı atap ótilgen. Pedagogikalıq sheberlik kózqarasınan oqıtıwshınıń kásiplik tayarlıǵınıń quramlıq elementi sıpatında texnologiya hám jańasha didaktikalıq usıllar menen islew kónlikpesi dıqqat orayına shıqpaqta. Sonday-aq, psixologiyalıq jaqtan bilim beriw procesinde interaktiv, oqıwshı qatnasıwı joqarı bolǵan metodlardı qollanıw oǵan bilim alıwǵa motivaciya ornatıwǵa járdem beredi. Modernizaciyalaw procesinde bir qatar mashqalalar da júzege kelmekte, atap aytqanda: Oqıtıwshılardıń pedagogikalıq sheberligi hám zamanagóy metodlardı qollanıwǵa tayarlıǵınıń jeterli emesligi; Psixologiyalıq potencialdı rawajlandırıwǵa profilaktika, tájiriybe arttırıw mexanizmleriniń azlıǵı; Bilimlendiriw mákemeleriniń materiallıq-texnikalıq bazası, málimleme-kommunikaciya texnologiyaları menen támiyinleniwi birdey emesligi; Normativ-normativ hújimlerde ámelde orınlanbaw yamasa qadaǵalaw mexanizmleriniń ázziligi tiykarǵı sebepler bolıwı múmkin. Modernizaciyalanǵan bilimlendiriw sistemasınıń metodikalıq baǵdarlamalarına tiykarlanǵan modellerdi islep shıǵıw arqalı oqıtıwshılardıń mamanlıǵın arttırıwǵa, pedagogikalıq hám psixologiyalıq tayarlıqtı kúsheytiwge, innovaciyalıq bilimlendiriw modelleri hám usıllarıń engiziwge, studentler hám oqıwshılardıń individual ózgesheliklerin esapqa alatuǵın qatnaslardı qollanıwǵa, sonday-aq, normativlik-normativlik hújjetlerge ámel etiwge, monitoringti kúsheytiwge itibar qaratıw zárúr. Modernizaciyalaw procesi tek ǵana huqıqıy hújjetler menen sheklenip qalıwı múmkin emes - ol pedagogika hám psixologiya menen sinergiyada bolıwı zárúr.

Tómende integraciyalawdıń tiykarǵı principleri keltiriledi. Huqiqiy tálim: tálim procesinde studentlerge hám oqitıwshılarǵa huqiqiy sananı qáliplestiriw, tálim huqiqi, tálimde teńlik, tálim sapası, oqiwshi huqıqları hám minnetlemeleri haqqında bilimlerdi beriw áhmiyetli. Pedagogika hám psixologiya: oqıwshıǵa oraylasqan metodologiyalar, aktiv hám dóretiwshilik oqıtıw, social-emocional kónlikpelerdi rawajlandırıw, ózin-ózi basqarıw potencialin asırıw-bular psixologiyalıq potencialdıń rawajlanıwın támiyinleydi.

Zamanagóy bilimlendiriw modelleri hám zamanagóy texnikalar menen huqiqiy sheklewler: máselen, mámleketlik bilimlendiriw standartları, akkreditaciya normaları, muǵallimlerdiń qánigeligin arttırıw talapları zamanagóy pedagogikalıq metod hám texnikalardı qollanıwǵa jol ashadı. Bunday bilimlendiriw reformalarına tiykarlangan bilimlendiriw sisteması integraciyalaw procesinde oqitiw metodi orayında oqiwshi boliwi, pedagogikalıq sheberlik bolsa oqitıwshınıń jana rolin - bilimi, motivaciyalawshı, metodikalıq basshi formasında atqarıwın támiyinleydi.

Bunda psixologiyalıq potencialǵa iye bolgan oqıtıwshı oqıwshı iskerligin nátiyjeli basqarıp, oqıwshılardı belsendi qatnasıwǵa shaqıradı. Huqıqıy normativ bolsa bilimlendiriw procesin tártipke saladı, sapanı kepilleydi, ádillik principin támiyinleydi. Modernizaciyalaw procesinde zamanagóy oqıtıw texnikası yaǵnıy málimleme-kommunikaciya texnologiyaları, interaktiv sabaqlıqlar, onlayn bilimlendiriw platformaları, mobil oqıtıw, aralıqtan oqıtıw, joybar hám mashqalaǵa baǵdarlanǵan oqıtıwdan paydalanıw keńeymekte. Máselen, mektepke shekemgi bilimlendiriw basqıshında normativlik-huqıqıy baza mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerin akkreditaciyadan ótkeriw, sapa standartları hám licenziyalawdı tártipke salıw arqalı mektepke shekemgi bilimlendiriwdiń sapasın arttırıwǵa itibar qaratılmaqta. Sonday-aq, mektep hám joqarı bilimlendiriwde sanlı bilimlendiriw ortalıǵı qáliplestirilmekte. Zamanagóy oqitiw texnikası menen pedagogikalıq metodlar birlestiriliwi: máselen, joybar tiykarında oqitiw, kooperaciyalıq oqitiw, interaktiv media-sabaqlar, gamifikaciya, virtual hám keńeytilgen reallıq komponentleri.

Bul usıllar oqıwshınıń psixologiyalıq potencialın ashıwǵa, pedagogikalıq sheberlikti qollanıwǵa imkaniyat beredi. Zamanagóy oqıtıw texnikasınıń huqıqıy tárepi de úlken áhmiyetke iye: Pedagogikalıq oqıtıw bilimlendiriw mákemelerinde IKT qollanılıwı boyınsha mámleketlik normativler, licenziyalaw talapları, bilimlendiriw standartları, jasırınlıq hám maǵlıwmatlardı qorǵaw huqıqları sıyaqlı huqıqıy tárepler de itibarǵa alınıwı zárúr. Usı tárepten, normativlik-huqıqıy hújjetler texnologiyalıq jańalanıwlardı qollap-quwatlawı zárúr. Bilimlendiriw baǵdarlamaları jańalandı, materiallıq-texnikalıq bazanı bekkemlewge qaratılǵan ilajlar ámelge asırılmaqta. Sonday-aq, aldıńǵı pedagogikalıq metodlar hám málimleme texnologiyaları qollanılmaqta. Bilimlendiriw mákemelerinde oqıtıwshılardıń pedagogikalıq sheberligin sistemalı arttırıw hám zamanagóy oqıtıw texnikaların qollanıwǵa baǵdarlanǵan baǵdarlamalardı keńeytiw; Bilim beriwde psixologiyalıq potencialdı rawajlandırıwǵa qaratılǵan metod hám metodikalardı islep shıǵıw oqıtıwshı ushın júdá áhmiyetli esaplanadı. Bilimlendiriw modellerin milliy kontekstke beyimlestirip, biraq global tájiriybelerdi integraciyalaw arqalı jańasha bilimlendiriw modeli hám pedagogikalıq metodlardı islep shıǵıw bul bilimlendiriwde ústin nátiyjelerge erisiwge járdem beredi, degen pikirdemiz.

**Juwmaq**

Juwmaqlap aytqanda, respublikamızda bilimlendiriw sistemasın modernizaciyalaw processleriniń huqiqiy-normativ tiykarları, pedagogikalıq xizmettiń zamanagóy basqıshları, oqitiw metodlarınıń innovaciyalıq shólkemlestirilgenligi, pedagogikalıq sheberlikti asırıwdıń zamanagóy metodologiyası, bilimlendiriw modelleri, pedagogikalıq metodlar hám zamanagóy oqitiw texnikası táreplerinen analiz etildi. Bilimlendiriw sistemasın modernizaciyalawda huqiqiy normalar bilimlendiriw procesin tártipke salıwshı bazalıq qural bolsa, pedagogika hám psixologiyaga tiyisli konceptual jantasıwlar oqiwshi hám mugallim iskerligin nátiyjeli shólkemlestiriwge imkaniyat jaratadı. Zamanagóy oqitiw texnikası hám pedagogikalıq metodlar bolsa bilim beriw procesiniń sapasın arttırıwǵa járdem beredi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Jarilkapovich, Matjanov Aman. "Program Technology for Choosing an Effective Educational Methodology Based on Modern Pedagogical Research in The Educational System." CURRENT RESEARCH JOURNAL OF PEDAGOGICS 6.02 (2025): 30-33.
2. Jarilkapovich, Matjanov Aman. "USE OF PEDAGOGICAL METHODS BASED ON THE MODERN EDUCATIONAL PROGRAM TO INCREASE THE EFFECTIVENESS OF EDUCATION." European International Journal of Pedagogics 4.06 (2024): 26-33.
3. Jarilkapovich, Matjanov Aman. "The Role of Modern Education and The Teacher's Pedagogical Skills in The Application of Pedagogical Teaching Methods." International Journal of Pedagogics 5.04 (2025): 266-268.
4. Turemuratova, Aziza, Rita Kurbanova, and Barno Saidboyeva. "EDUCATIONAL TRADITIONS IN SHAPING THE WORLDVIEW OF YOUNG PEOPLE IN FOLK PEDAGOGY." Modern Science and Research 2.10 (2023): 318-322.
5. Begibaevna, Turemuratova Aziza, and Asamatdinova Bazargul Bakhadirovna. "PEDAGOGICAL FOUNDATIONS OF DEVELOPING STUDENTS'COLLABORATIVE SKILLS BASED ON A MULTI-VECTOR APPROACH." European International Journal of Pedagogics 4.11 (2024): 183-187.
6. Turemuratova, A. B. "TA’LIMDA PEDAGOGIK YONDASHUVLAR ASOSIDA O’QUVCHIYOSHLARNING KOLLOBORATIV KO’NIKMALARINI RIVOJLANTIRISH MEXANIZMLARI." Inter education & global study 3.4 (2025): 242-250.
7. Turemuratova, Aziza, and Bauirjan Otebekov. "PEDAGOGIKALIQ METODLAR ARQALI OQIWSHILARDIŃ KOLLOBORATIV KÓNLIKPELERIN ASIRIW." Modern Science and Research 4.4 (2025): 239-244.
8. Kurbanova, R. J., and B. E. Saidboeva. "MAKTAB VA OILADA ESTETIK TARBIYANI SHAKLLANTIRISH JARAYONIDA O'QUVCHILARNING AKSIOLOGIK DUNYOQARASHINI RIVOJLANTIRISH." Inter education & global study 9 (2024): 114-121.
9. Jarasovna, Kurbanova Rita. "The Role of National Values in Shaping the Aesthetic Worldview of Schoolchildren." International Journal of Pedagogics 5.03 (2025): 55-58.

10. Aziza, Turemuratova. "KONFLIKT VA UNING KELIB CHIQISH SABABLARI." Новости образования: исследование в XXI веке 3.32 (2025): 465-467.
11. Begibaevna, Turemuratova Aziza. "EFFECTIVE EDUCATIONAL INDICATORS OF MULTI-VECTOR APPROACHES IN FORMING COLLABORATIVE SKILLS OF STUDENTS BASED ON PEDAGOGICAL METHODS OF INNOVATIVE EDUCATION." International Journal of Pedagogics 4.11 (2024): 153-157.